Соколёнок

# Лачен

1/2021
ЯНВАРЬ – ФЕВРАЛЬ

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



100
1921·2021
ДАССР

## Юбилейгун, республика!

20 январь – ДАССР гIуцIаралдаса 100 сон

# Дида йихьула эбел

Наби ГIисаев

Дида йихьула эбел
ГIумрудул пикрабазда
Пашманлъигун рохелалъ
Гьурмада мугъру чIварай.

Йихьула гIедегIулей
ГIодулеб лъимадухъе,
ГIеретIги мугъзада бан
Лъадаса нахъ юссуней.

Дида йихьула эбел
Цересел анищазда,
Цойги нухалъ гьезухъе
ТIадюссине бокьарай.

Дида йихьула эбел
Унелгун рачIунезда
«Нух батIаги» — ян абун
Адабалда кIалъалей.

Йихьула гIатI буцулей,
Йихьула чед бежулей,
Бежараб чадил махIалъ
ХIайран гьабун хъизангун.

Гьаниб гьелъул кверазул
Кинабго хинлъи буго,
Хирияй эбел, эбел,
Унго, рокъоб бугеб лъикI!

Мун ятила хIалтIуда,
ХIалтIи бигьаяб гьечIо
Бокьарай гIаданалъул
ГIагараб тIадмагIарухъ.

Дуда тIаса гьир боссе
Гьинал ракI гIедегIула,

Дуда ургъел кканиги,
Дир каранда унтула.



# Эбел

*(Гьаб кечI цебесеб номералда МухIамад Гъазиевасул абун бахъун буго. Гьеб гъалатI битIизабизелъун ва Наби ГIисаевасул букIин лъазелъун гьанжесалъги бахъулеб буго.)*

Сардица къулчIана къоялъул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги гьуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?

Дуда бихьулеб щиб, дуда лъараб щиб,
ЛъугIел-ахир гьечIел ургъелазул лагъ?
Араб мехищ дуда ракIалде щолеб,
РикIкIад вугев васищ цеве тIамулев?

Дун абуни вуго, вецего гIадин,
ГIащикъал хурдузул махIазухъ къечон,
Магъилъа мун щолел сагIтал рикIкIунеб
РакIалде бачIуна дирго лъимерлъи.

ЛъугIулареб хинлъи каранда тарай,
ТалихIав вуго дун, мун йикIун, эбел.
Амма дуде ургъел рештIараб мехалъ,
РахIат дийго гьечIо, рагIулищ дуда?

Дунялалъул рокъоб бакъищ, гIазуйищ
Дур гIакъилал бераз бицуна дида.
Бице, эбел, дие согIав ханасул
Гъалал меседилай ясалъул маргъа...

Сардица къулчIана къоязул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги, гьуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?

# Бищунго унтулеб бакI батана ГIайшатида

Баба, дун якъун йигин,
МичIчIихинкIал гьарейин,
Эбелалъухъе гIодун
ЯчIана Умагьани.

Эбел йиго: «Дир месед,
ХIалтIудаса щварайго,
Гьарила мичIчIихинкIал,
ГьабсагIат регIун гьечIо».

Дагьайги цIакъ ракI бекун,
ГIодизе лъугьарайго,
ТIаде рехун ячIана
КIудияй яц ПатIимат.

«Печалда тIад гьабсагIат
Капустадул гьабураб
ТIагIамаб чурпа буго,
Гьеб хузе унарей щай?

Анкьго сон тIубаниги,
ГьитIинаб лъимер гIадин,
ГIодизе рекъон гьечIин»
Гаргадана ПатIимат.

Дицаги чай гуреб жо
Радалиса гьекъочIо,
Дунги мунго гIадинан
ГIодизейищха кколей?

Сонги къо чурпадул гъуд
КIалдиб лъечIого ана.
КIалъана гьоркьохъей яц,
Берцинай РахIмат-бика.

Умагьанил гьаркьихъе
ЯчIана тIаде ГIайшат,
АнцIила анлъабилеб
Сонилъулъ йигей цинагIал.

«Мун гIодулей чIечIони,
Метерго классалъул
Ясалазда бицина
Дуца гьабураб гизма.

Гьез махсароде кквела,
Бищун дуда рихарал
РагIаби абулаго,
ХIакъиргицин гьайила».

ГIодизе къотIизе тун,
Умагьани екерун,
Ана печалда аскIой,
Абуна: «Чурпа тIе!» – ячн.

ТIокIалъ гьелдаса нахъе
Гьелъул гIоди рагIичIо...
Бищунго унтулеб бакI
Батана ГIайшатида.





# Хазина

ГIашшат Малачиева

Гьурщ-гьурщараб расалъул, рахьхъахIаб кьералъул, хъатгIаганаб катитIинчIги хьихьизе бачун, йохун, чIезе бакI лъаларого йикIана ГIашида. «Дил Хажина, дил ХъахIуч, хIулидул голо, гульгинаб тольгIо» абун беэдулаан ГIашидаца, бакьучил гIадин чехьги цIун, кIвахIалъги рахIаталъги басандизе бокьичIого чIарбида бегун бугеб катитIинчI. Гьелъул макьу биххизабизе, кIвахI щущазабизе бокьун, резиналъул гIункIкIги кунада бан, бехъерхъулаан гьелда цебесан. Амма чехь понцIозегIан рахьги чапун, кепалда бугеб Хазина, тIурангоцин бералги ралагьичIого бегаралъубго чIедал, барщун нахъе унаан ГIашида. ГIемер мехго гьоркьоб иналде, гъургъучги бачунаго, цин цояб гъажалтIе бахун, цинги цогидалде ххарун, гьурмада лъурлъудун, тIасалъугьин тIалаб гьабулеб гIадин, хIелхIедулаан жиндирго гьитIинай хважагьиналъе. «Ичикула, кучберцин, идихIула, хIеленаб» абун, жиндирго къагIидаялъ мекъимекъи хIарпалги абун, рекъел гьабулаан ГIашидаца Хазиналгун. БитIун телевизоралъухъ балагьун мультиказул кеп босулей йигей гьелъие квешезего гIадин, «дое ялагьичIого, диде йисса» абун абулеб гIадин, тIаделъулаан Хазина. Кинабго кIочон тун, жиндирго васукиде йиссунаан йохарай ГIашидаги. Дарсал гьарулей йикIаниги, тIехьалда бегулаан, къалмида тIадречIчIулаан, тетрадал щущахъ ран басандулаан. Бищунго Хазинае бокьулаан ГIашидаца берзул тIелхал къапезарулелъул, гьезда квачIал разаризе. ГIашида школалде унелъулги каву бахун къватIибеги бачIун, бабуда хадуб гIодулеб лъимер гIадин, мимидулаан Хазина. Амма машинабаздаса хIинкъун, нух бахун ясалда хадуб бачIине гьелда кIолароан. Школалдаса тIадйиссун ячIунелъулги, тIойитIарайго гIадин, дандчIвайги гьабулаан гьелъ жиндирго хважагьиналъулгун. Бохдузда лъулъардун, цебе-цебе тIурун, тIад-тIад буссун, гьай тIадйиссиналдаса разилъи лъазабулаан. Амма, гIазаналагьха, цощинаб гIайиб ккун, дагьабниги унтиледухъ жиндаго кIутIани, кие тIураниги, бохдузда хурхун, хIанчIун, гъуждузда речIчIун, хъарсун, жиндийго гьабуралъухъ рецIел босичIого чIолароан. Каникулаз росулъе унелъулги, тIадйиссун ячIунелъулги кидаго цадахъаб нухлулаблъунги божараб гьудулллъунги букIана ГIашидае Хазина...

Берцинаб, гьурщараб рачIалъул, хичарал михъазул, гургинаб гьумералъул, чирахъал гIадал гвангъарал беразул, хьихьи рекIараб, керчаб кету гIуна ГIашидал. ГортIеги бахун, рекIелгъеялъе къотIнобе балагьунги букIунаан гьеб. ГIорцIизегIан кваназабун бугониги, аскIор гIадин роржанхъулел милъирщаби кквезе бугеб анищалъ тIеркIезарулаго михъалгун къубукъун речIчIун унаго, нодоги цIорогордалълъ тункун, мурадалде щвечIого чарабухIун хутIулаан гьеб. Гьедин, хIинчIмиккиялде, гIункIкIазде чан гьабизе лъугьаниги, жиндиего кьураб гурони, цебе лъун бугониги, рокъоса бикъун жо кваналеб гIамалги гьелъул букIинчIо. КъватIалги тIохалги гелун бачIаниги,

щибго хIарщ-хIур хъвачIого, хъахIго, бацIцIадго букIунаан Хазина. Рокъобги гьелъул кьижизеги гIодобчIезеги жиндиего ккураб гIадаб хассаб бакIги букIана. БитIахъе сурат бахъизе чIезабун бугин ккелаан нужеда гьелъул чIейги чIухIиги бихьарабани.

Цонухалъ, гьогьомараб хасалихълъиялъул къоялъ, эбелалъ чед бежизе азбаралда кор боркьана. Печалъул гIадаб гIадатияб гуреб, цебе нуцIаги къалареб, рагьараб кIалалъул корониб цIул лъолеб рахъалдасан жемун унеб цIа чед тIамулеб рахъалде бегун бачIунеб куцалде малгъуллъун пикрабазда ГIашидаги йикIана, чед гиризе эбелги лъугьана. ГьебсагIат коронисан кIанцIунги бачIун, гIачIиххарал беразул цо чIегIерлъи ГIашидал каранлълъ речIчIана.

– ЩайтIан! – абун гьаракьги гьабун, лъавудаса ун гIодой ккана яс. Екерун ун эбелалъ лълъел хъабаги босун бачIун, ясалъул каранде, гьурмаде цIороpaб лълъим пунхъана. Гьогьомараб къо букIиналъги, биччараб гурдицаги, жеги хIинкъи гIодоцинчIеб рекIецаги, лъавуде ячIаниги яс соролей йикIана.

– ЧIегIелаб щайтIан бихьана дида! – ян ахIана гьелъ эбелалда хурхунги ячIун.

– ЩайтIан гуро, дир яс, хIинкъуге! Дурго Хазина букIун буго лахIул цIураб коронибеги лъугьун, бегун. Хинлъи чIваниги, чIурхIун бахъинегIан борчIичIеб куц буго гьеб макьидаса. Балагье, бухIизе бакъун буго пакъир!

Эбелалъ тIаде лълъим тIураб Хазинаги бугоан бащадаб биччараб, бащадаб бухIараб, бакI-бакIалъан лахIуца



чIегIерлъараб, унго-унгояб щайтIаналда релълъине бахъун.

– Щиб дуца гьабулаб, дил Хажина?! – ян ракI гурхIунги рухI дагьлъунги кIалъалей йикIана жеги бабада хурхахъего йигей ГIашида, азбаралъул ракьанда кьерун, жиндирго мугъзада, квачIазда мацI бахъулеб бугеб катихъги балагьун. – БукIалаб цIакъаб жо, лъугьунталаб жо! – ян тIаде жубана гьелъ, катил сурукълъиялъ гьелдаса ракI нахъе цIараб гIадинги лъугьун.

Чед бежун бахъингун, рокъобеги бачун, хинаб лълъеца чвердезеги гьабун, чIурхIун берзукълъарал расалги тIаса къунцIун, рухIарал бакIазда даруги бахун къачIана эбелалъги ясалъги Хазина. Амма таманабго заман хIажалъана гьелъие, доб цебе букIараб ракI тIаде цIалеб берцинлъи тIадбуссине. Доб къоялдаса нахъейин абуни, цIа бакизе лъугьаралго, бахъун лъутун унаан, жибго кантIизе гIураб кьогIаб дарс щвараб Хазина.

Гьеб лъугьа-бахъин ккаралдаса лъагIелгIанниги заман ун букIун батила. Цокъоялъ радал лълъел гIеретI цIезе унаго, эбелалъ макьидаса йорчIизаюн тарай ГIашида, нахъеги беразде тIелхалги рачун, макьил кверщаликье ана. Макьилъ, балагьизе хIинкъараб, гьабан цIар лъезе лъалареб сурукълъиялъул, жанаварищ гIуждаллъиийищали бачIун тIадги бегун битIахъе гъанкъун лъугIулей йикIана ГIашида. Жинца гьабураб щибго квешлъиги гьечIин, сундухъин жиндие гьаб тамихIилан, бегьулеб батани, тейила жий жахIайго абун гьардолей йигей ясалъул цо сихIниги къватIибе бахъулеб букIинчIо. ТIубанго хIухьел чIун, рухI лъугIун унеб букIана. Данде ягъизе кверазулги къуват хутIичIо, кумекалъе ахIизе сверухъ вихьулеб бакIалда чиги халлъулев вукIинчIо. Гьедин, чехьатIаде егахъего, ягъаричIого хун лъугIулей йигей ясалъул бадиса гирарал магIил гарал гIинзунире тIинкIулел рукIана. Сундего хьул хутIун букIинчIо. талихIалъ, лълъадаса юссуней эбелалъ рагьулебкъалеб кавуялъул гъванкиялъухъе, тIуркIунги ячIун, ясалъ берал рагьана.

– Жеги яхъинчIогойищ дир яс, рагъидегицин бакъги щун бугин, гъуталалъул лъималги школалде унел руганин, – ан рагIана эбелалъул гьаракь.

ГIашидада жаваб гьабизе кIвечIо. Макьилъго гIадин, гIолеб букIинчIо хIухьелги кIолеб букIинчIо кIалъазеги, каранде тIалу бегизабураб хIал букIана черхалъулги. «Цощина хъегIело рекIун букIинадай?» – абун бачIана гьелда ракIалде.

– Яхъа, дир яс, дарсиде кватIизе гурин, – анги абун, гьабнухалъ ГIашидада тIаде къуларай эбелалда ясалъул хIалкъай бичIчIана.

– Огь, дуе нагIана батаяб, хIохьоч! ЧIван лъугIулей йикIун йигогури дуца дир яс! – абун, хъата-масан кьабураб хъатица чIарбиде рехана гьелъ цо щибалиго. ГьебсагIат кIанцIун бахъун нуцIихъа къватIибе лъутун ана жиндирго гIайиб бичIчIараб гIадин, Хазина. Щват-щват биччан лугбузулгин, гьобо гIадин гурун лъун карантIаги бегун кьижун букIараб катица букIун буго ГIашидал хIухьел къотIизабун. Бакьуч гIадин кьаралъараб гьелъул бакIлъиялъ йикIун йиго яс макьилъ гурейги, унго-унголъунги гъанкъизехъин. Амма гьей гъанкъизе мурадалъ гуреб, гьелдехун жиндирго бугеб божи-рокьиялъ букIана Хазина гьелъул каранда кьижун. БукIаниги, гьанжесалъги ккезе бахъараб бихьуларищха!

Гьелдаса нахъе тIокIалъ берчIванцин бихьичIо ГIашидада Хазина. Хвезегодай хванаян бухI-бухIулаан гьелъул ракI «ичикула» кIочене кIоларого. Унтун кибгIаги бегун хутIундай бугоян хиялазда йикIунаан яс, катил къисматги

лъаларого. Эбелалъ, ГӀашида гӀодизе йикӀинги лъан, ургъунго балъго тун букӀана катил хабар. «Лъаларо, жиндирго гӀайиб бичӀчӀун тӀокӀалъ рокъобе бачӀине хӀинкъун чӀун батизеги бегъула гьеб» абун, тӀасабихьизабулаан гьелъ, ГӀашидал зур-зур рагӀулеб букӀаниги.

– Дун тӀащалъугьун йикӀин лъалеб батизе гьечӀо гьелда, гулебани, бачӀинаан Хажина локъобе. Дун балщун ятилин тун батила долъ!» – ин абулаан гьелъ эбелалда.

– ЛъикӀго тӀасалъугьинаан мун гьелдаса, доб къоялъ гъанкъун лъугӀун ятарайани! – ян ахӀдана эбел ГӀашидаде...

Ихги рииги ун, хасалихълъиялъул квачараб къо бачӀана. Рагъидехун нуцӀа рагьарабго, ясалъул йохараб гьаракь рагӀана эбелалда.

– БачӀанагули, баба, дил Хажина локъобе! – ян ахӀана гьелъ нуцӀа рагьарабго кӀалтӀа чӀун батараб Хазинада берчӀварабго.

– Кин гьеб бачӀунеб, Мухтар-дацил машинаялдеги рехун, магӀарухъе битӀун букӀараб бакьуч! – ан йиххункkун балъголъи бицун борчӀана, гьебгощинаб манзилги нахъа тун, катица рокъобе нух балагьиялда гӀажаиблъарай эбелалъухъа.



## Ахlмад Хlализатов

# Квеpал

Квер буго инсанасул
Аслияб хІалтІул лага,
Элда махщел бугони,
Меседилан абула.

Рагьани – хъат, къани – зар, –
Къимат тІокІал гьал килщал,
ТІолго гІумру гІуцІизе
ГІадамазе кьун ругел.



# Кваранквер

Гьаб квер – кваранквер,
Вакъарасе квен кьолеб:
Гьаб квер – кваранквер,
Къечарасе лъим кьолеб;
Гьаб квер – кваранквер,
Вугьарасе цІа кьолеб;
ЩІакъаб квер, лъикІаб квер
ЛъикІлъи гІемер гьабулеб.



# МагІарулалъи

МагІарда гІиги буго,
ГІияда вехьги вуго;
ГІидраялда тІегь буго,
ТІогьода наял руго.

ТІад сверулеб цІум буго, –
ЩІодорго рукІа, кьагІи!
Кьурда хъергъу чІун буго, –
ЧІороло, мун тохлъуге!

ЧІор битІараб цер буго
Цо щобилъан щинкІулеб.
Щуго гІанкІитІинчІ буго
ТІалуда гъоркь, тІепун чІун.

ТІадбитІун парпадулеб
Гьоролгвенд бихьуларищ?
Гьоркьо-гьоркьоб гІансахІинчІ
ГІодилеб рагІуларищ?

РоцІараб зобги буго,
БухІун щвараб бакъ буго;
БацІцІадаб гьава буго –
Гьале дир рекІел алжан.

Гьал цІорорал иццалги,
Азаркьерал тІугьдулги,
ТІогьиб гІазу биинчІел,
ГІурччинлъарал мугІрулги.

*Гъизилюрталъул № 3 школалъул авар мацIалъул мугIалим АхIмадова Загьрат Мусайхановалъе ТIолгороссиялъул къецазул «МугIалим ва насихIатчIужу» номинациялда тIоцебесеб бакI щвана.*

*Баркула, Загьрат Мусахановна, бергьенлъи!*





АхIмедова Загьрат

## Бабуде



Дир хирияй бабу, дир кIодоэбел,
Йокьулей, хIасратай гIакълудул гъамас.
Унго, цо хIеренлъи гьел дур кверазул,
Нижер расул гъалал хьухьунеб мехалъ.

Цинги недегьлъи щиб дур каламалъул,
Как малъизе нижгун кIалъалей мехалъ.
Хадубги гьуинлъи бабул квеналъул,
ТIагIамал, тамахал бабул чадазул.

Кьейги, бабу, дуе халатаб гIумру,
Халатккун маргьаби нижей рицине,
Кьеги Аллагьас дуй щулияб сахлъи,
Абадиялъ нижей гьими бикьизе.

*(Мажидова Асият, 7 класс)*



## Хасел

Бачlун чlана хасел,
Гlазугун цадахъ.
Нухал хъахl гьаруна,
Мугlрулгун цадахъ.
Рохун руго лъимал ,
Урхъарал, гlаздахъ.
Гиргидулел руго,
Хъещтlолел руго.
Киналго гlахьаллъун,
Гlазул васикlо,
Вахъун чlезавуна,
Чиякlо гlадин.

*(Хасаева Асият, 5 класс)*





# НакIкIигъутIби

Зодихъе чIораллъун чIухIадго арал,
ЧIурканал, берцинал накIкIигъутIбузухъ
Балагъун хутIула цо бахиллъигун,
ХIайранлъун хутIула цо хIикмалъигун.

Рогъалил бакъуца, къаси моцIроца,
Гъел реэдулел куц, руччаби гIадин,
Рии хисаниги хасел щваниги,
Рорхатал гъуждузда хисуларо шал.

Гъез мугIрул нухазде гъабула рагIад,
Гъеб рагIдукь нухлулал кигIан хъалхъарал!
ТIаса тIаргъал рахъун, бутIрулги рорхун,
Гъезухъ цо чIухIигун ралагъула нилъ.

Гъел, рохьор гъутIбузде тIадеги къулун,
ГIакъилзаби гIадин щурщудулел куц.
Гъаваялъул кьерхен, къоялъул бухIи
Бицунел гуродай рукIунел гъедин?

РекIелъ чаран бугез ккола борхалъи,
Рорхатал гъезда тIад рештIуна цIумал.
Ракьул гъварилъуде кьалбал анагIан,
Кьури букIинаро накIкIигъутIбузе.





# Яс гьайидал

Меседил гороги гьай,
Гурдида гIарцул маргъал,
ГIурдада баккараб тIегь,
ТIогьолъ боржанхъулеб най.
***
Гьай ячIана рокъое
Рукъго цIураб баркатгун,
Гьалъ гIуцIила магIишат
ГIадамал бахиллъулеб.

***

Яс гьаюраб рокъобе
КъутIбуяб нур рештIина,
Гьей ющараб кинитIе
Канал цIваби къулила.

***

КIочIол аххалъ кьижилей,
Бабул кечIалъ йорчIилей,
ЛъачIого, лъачIого гьай
ГIун ячIиней, гIумру лъан.

***

ГъежалтIа гIеретIги лъун,
Росдал иццухъе иней,
Васаца къватI—къватIазда
Къойил балай рехилеб.

1



## МугIрул ицц

Дун мугIрузул ицц буго,
Дун бецIцIула чабхилъан.
БацIцIалъи, цIорой, тIагIам –
ТIолго гьел дир нигIматал.

Дир бакъан хъуди гуро,
Гьеб хIайранаб кечI буго.
Цо хIурулгIиналъ радал
Лълъел цIолелъул малъараб.

Сапаралъ рахъанщинал
Нухлулазул къеч хьвазе,
ГанчIаздагун гъотIода
Гъоркь батизе буго дун.

Магъилълъ гъогъол ракьанда,
Кьурул нохъода цебе,
Вехьасул хъощил кIалтIа –
Дун баккичIеб бакI гьечIо.

Дир лълъеда кIутIби ччула,
Лъоб тIогьиб бисил тIинчIалъ.
Парччиялда хIохьбала
Росулъ хъахIлъарав херас.

Дун чваххула эхебе
Чиллайдул кунал лъугьун,
Ралъдалълъги дир бакъан–кечI
БатIа бахъизе лъала.



***

Рукь–квер кунхьен–баргъи-
чаз
КенчIезарилел алъул,
Каранда маржаналгун,
ГIундузда кIилкIал ралел.

***

Берцинал ясалазул
Горсверулъ гьай бахIарай,
Зодибе хIур бахъунеб
Берталъ кьурдулейги гьай...

***

Меседил горо гIадай,
ГIурдада тIегь гIадинай
ГIун ячIиней гIумру лъан,
Рукъго цIураб баркатгун.

## Эбелги лъимерги

Щвараб гIорлъун хъудулеб
Шагьаралул къотIносан
Къокъуней йиго эбел
Каранде къан лъимергун.

Гьей гIедегIун йихьула
ГIодизе гурин гьитIич,
ГIадамал, нух кье гьелъий
Рикьизарун кьералгун.

Рихьулищ, кверал руго
Куркьбаллъун гьелда тIад чIван,
Гьорол муч хъвазе гурин,
Гьулаклъун жал лъугьине.

Лъимер кьижун бугоан
Эбелалъул каранда,
Кинаб ургъел гьелъие
Заманадул, гIумрудул?!

ГIадамал, гIодориччай,
ГIедегIуге, хъудуге,
ГIад гьечIел гьаркьазухъе
БорчIизе гурин лъимер!

Гьеб гьитIинаб, бегьула
ТIуркIизе ва хIинкъизе,
ХIалае щив вахъинев
Эбелалъе, гьелъие?..

Щвараб гIорлъун хъудулеб
Шагьаралуъл къотIносан,
Къокъуней йиго эбел
Лъимерги каранде къан.

Гьезда хадув валагьун
Дун пикрабалъ хутIана,
Бугодай гьабсагIаталъ
Гьезие кумек хIажат?

3

ХIалимал гьезда къватIахъ
Къварилъи дандчIваладай?
Рокъоре щвезе манзил
Гьезий рикIкIад бугодай?

Бегьула цо лахIзаталъ
Гьури, буран бахъине,
ЦIадал разе, цIорозе –
ЦIоролеб буго дир ракI...

Щвараб гIорлъун хъудулеб
Шагьаралъул доб къотIнор
Эбел, лъимер цере чIун,
Цебе тIамула дунял.

Гьеб нилъер гIасруялда
Лъимер кинигин буго,
Кини кIикIизе кверал
Гьелъие хIажат руго.

Нагагь хIинкъараб хъуди
Бахъани гьелъул кIалтIа,
Лъимерлъун гьеб каранде
Киндай эбелалъ къалеб?

ГIадамал, гIодориччай,
ГIедегIухъе, хъудуге,
ГIадалал питнабаца
Дунял хIинкъизабуге!

***

Нухде чадил кесек батана рехун,
Лъихъа бортараб гьеб баркаман кколеб
Гьелъухъги валагьун, ургъел гьабичIев
Гьадав гIолилав щив цевехун унев?

Жакъа гьос чадие къуличIеб бетIер,
Къулана умумуз къоккараб мехалъ.
Дица гьеб гьутIбузда гьоркь расандулел
ХIанчIазе реххана хьатиниб бичIчIун.



12

ЦIилъун гьечIо жеги мучIдул,
ЧIегIерлъухъе ругин рохьал.
Векьарухъан халккун чIола
Хур бекьизе къо щвеялъухъ.

КъватI–къоралда лъималазул
АхIдер–хъуди хIаллъун буго,
ХIанчIазулги чIичIдииялъ
Дур бицунеб гуребдай, их?

БачIа, бачIа, хIасратаб их,
Хехго гьаб дир тIалъиялде.
Дуде гIищкъуялъ цIун ругел
ГIадамазул ракIал рагье.

# ГъветI

Мун кваралги рорхун кодой гьардолеб
ГьитIинаб лъимерлъун – цин дир горда гъоркь.
Цинги гъажабазде гъалалги гьурщун,
Гьайбатай, берцинай яслъун лъугьана.

ЛъачIана ана мех, сверана ихал,
Огь, ахIанщинаб кечI дур каралълъ хIанчIаз!..
ХIасратго цIвабзахъе цIабуцIун араб –
Дуда гъоркь додинго хутIана дунго.

11

Гьелъул хIалхьи цIунизе
Инсанасул борчин гьеб,
Беэде каранде къан
Нилъер хирияб лъимер.



4

# „Нахътlамегъ“

Дур  их тIугьдузулаб, рии тIоролаб,
ТIорщалил харчIаца хаслихълъи цIураб.
Дур рогьел бакъулаб, къо аваданаб,
Унго, урхъулев куц, дун духъ, росдал мегъ.

Дур ссанул рагIалда гIодовги вукIун,
ГIагараб тIалъуде цо бертIамидал,
Дир ракI чIухIулеб куц, хIасратаб бокIон
Бугодай цониги ракьалдаян ккун.

Бокьула рекьуда векьарухъанас
Дур рахъалъ бицунеб хурулаб бакъан.
Хурзал чIаралелъул чIухIи–къулигун
Мокъокъазул гIадаб ясазул руккел.

Бокьула дур зодил хъахIиллъи кьотIун,
Къункъраби руссунеб ихдалил завал.
Гьезул гьаркьазухъе кьурул пандрида
Панаго лъараца бачунеб наку.

Бакъанида гьанив рокъов вуссунев
РекIарасул чоца бухула сухъмахъ.
Сордо бачIанилан чIоролабаца
ЧIахIилъ цоцадехун гьабула накъит.

Гьаниб хурул шуршур рагIанщинахъе
Щола дир ракIалде араб лъимерлъи.
Лъилъараб хуриса тIор бищулев дун,
ТIорщалил харчIазда бахиллъун эбел.

5

***

Гьури, гIела рурудараб
Дир мугIрузул курмузда мун!
КватIулеб кин хIасратаб их?
ХъахIлъухъего бугин гIалам.



10

# МахигъутӀби

Цоцазул гӀинде щапун
Щурщулел ясал гӀадин,
Щиб бицунеб ругел нуж,
Берцинал махигъутӀби?
Рогьел загьирлъулелъул
Дица горду къирула,
Огь, нуж къачӀадулел куц
Бакъул чӀораз расги ххан.
Хадуб щибаб тӀанхиде
ТӀаде ккарал цӀвабзазул
Зирхи–зверхи букӀуна
Бохдузде тӀинкӀулелъул.
Цинги хинлъи рештӀиндал
Лъоронисаги росун,
Нужер квераз роржине
Риччалелщинал хӀанчӀи.
Щибаб гӀаркьелалдасан
ТӀанхазул гордал къирун
ГӀищкъул бицунел гурищ
РукӀунел гьал булбулал?
Рохиялъ гьез ахӀулел
ХӀайранал кучӀдузухъе
ХӀасраталъул цӀелъ бугеб
РакӀ дицаги чучула.

9

Хадуб, бакъанида аскӀобго бугеб
Иццухъе щолаан свак чучизе нижъ.
Бекун мучариги цӀорораб лъелълъ ччун,
ЧанцӀул гьелъ абураб «баркаманилан».

Гьел дур баракатал «баркаманазе»
Какал ралаан, мегъ, гьенир умумуз.
ГьитӀинго нижгоги ругьун гьаруна
Ракьалъулгун чадил къимат гьабизе.

Гьелъин жакъа дида, киве щваниги,
Дур хурул шуршуди щолеб ракӀалде.
Дур иццул рагӀалда рицӀцӀигъотӀоца
ТӀадвуссараб мехалъ урхъун къвал балеб.

6

# МаркӀачӀулъ магъилъ

Жеги тӀор цӀубачӀел ролъул хурзабахъ
Бакъул чӀорал руго хӀинкъадго ссунел,
ХӀедучирахъаллъун хъинсазда цере,
Рихьула загӀипго гӀинтӀидул тӀугьдул.

ГӀодобе биччараб маркӀачӀул завал,
Зодихъе цӀураб моцӀ буго бахунеб.
Сверухълъи гьадинан сасун теларин,
СардихӀинчӀ мех–мехалъ буго ахӀдолеб.

Ургъелги агъазги кинабго кӀочон,
Дица гьаниб иццухъ гьабуна хӀалхьи.

# Вехь мугІрузде вуссана

МугІрузде гьале ихалъ
Рехана кьер–кьераб шал.
Кьурдана кІкІалахъ лъарал,
Лъедерлъана зодихъ накІкІ.

РикІкІадаб авлахъалъул
Урхъи–свакайгун цадахъ
Вуссана мугІрузде вехь
ГІагараб тІалъиялде.

Салам, тІогьол байдаби! –
Гьес угьун хІухьел цІана, –
ЩІорораб хасел, гІазу
ХутІана доба рикІкІад.

ГІурччинаб авлахъалда
Рехъен тІибитІун буго,
ТІомохьиталги рахъун
Вехь хІалхьиялда вуго.

Гьогьомараб гьорое
Керен рагьарав пакъир,

Макьил кваркьиялда гъоркь
Гъапуллъун ккана дагьалъ.

– Вуссанищ, рекІел тІегь, – ан
Гьудул цее тІамуна. –
ТІаде вахъа, цо квер кье,
Керен бугин бухІулеб.

Хасалил хъачІал сардаз
Даим мунан угьдарай,
ЯчІун йигин гьале дун,
Бай дир габуралда къвал.

Воха–хинлъараб вехьас
Гьелъухъе битІараб квер,
Хьолбохъ бегун букІараб
КьагІрил надалда хъвана.

Хадув тІуркІун ворчІидал
Угьун хІухьелги босун:
– Свакарабищ, гьитІич? – ан
Гьелда убач гьабуна.

РекІее гІагараб магъил сухъмахъалъ
Нахъойги вачуна сардида данде.

РечІалел мучІдузда тІад чІвараб месед –
Хасалихълъиялде цІалеб Дагъистан.
Хирияб дир тІалъи, щайзе гьал хІанчІи,
ХІасратаб мунги тун, рикІкІаде унел?

Роол къояз гьогьен бихьичІел гъутІби
Гьанже гьурал руго къвалзукье рачун.
Огь, тІогьилал тІанхал, кватІунцин гьечІищ
Гьаб рокьуй нужеца бачунеб сарин?

Щай цо пашманлъигун балагьун ругел
Лъор мугІрузда тІасан кьерхарал зобал?
Дир гъуждузде гъутІбуз гьурщула тІамхал,
Нуж битІаги, рии! Дир кинаб ригь гьаб?



8

# ЩайтIабазул хазина

## Владимир Короткевич

Цо гьайбатаб ракьалда, бакъуда аскIобегIан бугеб бакIалда, цодагьаб моцIродаса добегIан, хIалухъин гьарзаяб, гIорал тIокIкIараб, хIорал гъваридаб, гъветI-рохь гьарзаяб бакI букIарабила. Гьеб бакIалда, цо берцинаб расалъуда цо рукъги букIарабила.

Гьеб рокъоб гIумру гьабун цо векьарухъанги вукIаравила. Гьесда цIарги Янка букIарабила. ГанчIил гIадаб сахлъиялъул, гIакъалав, цIодорав, цIакъ гIумру бокьулев чи вукIаравила гьев. Гьесул рукIанила кIикъоялда анцIго васги, кIикъоялда кIиго оцги, цо кетуги. Кету букIанила мохъаххараб, ункъабго квачIги чараб, халатаб рачIчIги бугеб.

Янкаца хурзал рекьулаанила, гIачи хьихьулаанила, зодихъ накIкIазулцини гьес тIалаб гьабулаланила. Кинабго гьесул цIакъ лъикI букIанила. Цо къоялъ тIаде балагь бачIанила.

Гьеб иш цIакъ цебего ккарабила, доб заманаялъ ХъахIаб Россиялда гIемер щайтIаби рукIанила. Щибаб щайтIаналъул жиндирго рукIел букIарабила, жиндирго хIалтIи букIанила.

Цояб щайтIаналъ гIумру гьабун букIанила лъадалълъ, гьелъ цIунулаанила ччугIби. ЦIакъго тIалаб гьабулаланила щукабазул, окуназул. Жибго гьеб щайтIанги гIурччинкьераб жо букIанила, лъадалълъ букIунеб хеналда релълъараб. Гьелда цIарги Лъадалаб букIанила.

Цогидаб щайтIан рохьоб букIарабила. Гьеб релълъунаанила тIад тамало бижараб хIохьода. ХIохьодаса гьеб батIабахъизе захIмалъулаанила гьелда релълъараб букIиналъ. ЦIарги гьелда Лещий букIанила.

БукIанила лъабабилеб щайтIанги. Гьелъ гIумру гIадамазул рукъзабахъ гьабулаанила. ГIадамазул рукъзабахъ рукIунелсураталгихьихьулаанилагьелъ. ЩайтIабазда гьоркьобгьеб бищунго бахьикъосараб, квешаб букIанила. Гьелда лълъурдулги рукIанила, цIцIел гIадал цабиги рукIунила, кIичIараб рачIчIги букIанила.

Гьеб щайтIаналъ гIумру гьабизе Янкал рукъ тIаса бищун букIанила. Гьелъ гьабулареб квешаб жо щибниги толароанила. Махсараби гьелъул цIакъ хIаталдаса ун чанкIкIарал рукIунаанила. Цо-цо мехалъ Янка гьелъ рескъотIараб бакIалде ккезавулаанила, мех-мехалъ гIодизегицин гьавулаанила. Дуцаги цо-цо мехалъ цIакъго чанкIкIарал жалги гьарун эбел-инсул ццин бахъине гьабуларищха. Гьеле гьединго, цодагьабги квеш щайтIаналъги гьабулаанила. Унго, цо гьеб букIараб квешабха. Цин гьелъ Янкал чол жалал гIисинал гъалал гьарун хьухьун ратулаанила, хадуб чол жал ххазе цIакъ захIмат букIунаанила. Янкал жиндир лъималазда ццин бахъунаанила, гьезул хIалтIи гьеб батилилан ккун, цин бетизе тIураб рахьдадаса тIорахь чIикIун батулаанила. Гьеб расги гIайиб гьечIеб катиде рехxулаанила. Цо-цо мехалъ, бищун квачараб мехалъ печалъул рогIринисан квеша-квешал гьаркьал гьарун, рокъор ругелщиназул, хасго лъималазул, хIинкъиялъ рухI босизабулаанила, яги битIун кваналел ругеб мехалъ, гьез кваналеб бугеб чурпаялде лахI балаанила.

Яги, бежизе корониб тIамураб пирогалда цо букIинчIеб, батIияб мугъру лъун батулаанила. Гъеб пирог цодагъаб боргъун бачIине хинаб бакIалда лъураб мехалъ, щайтIан хIалхьи гъабизе гьелда тIад гIодоб чIчIолеб букIун буго, яги къватIиб квачараб мехалъ хинлъизе.

Цо гьелъул квешлъи бихьулярищха, битIахъе рокъоб гIумру гъабиялдаса ракI буссинабулеб букIун буго гьелъ Янкал хъизаналъул. Янка, цо-цо мехалъ, гьелъ хIалхьи толареб мехалъ, гьорове ххартIа вегизе, гьенивго кьижизе унев вукIун вуго, квачараб мехалъ. Зарра хутIун буго лъимал квачан хвезе. Ццим бахъарав Янкаца хIукму гьабун буго щайтIаналъе квешезе нуцIбуздаги, гордаздаги хъарщал кьабгIизе, лъималги, чуялги, кетуги бачун, дунялалъул добцояб рахъалде гIумру гьабизе ине. ЗахIматго букIун буго гьесие жиндирго берцинаб ватIан тезе, тIокIкIарал гIоралги, рацIцIадал иццалги, гъамиларал рохьалги тезе. ХъахIаб Россиялдаса гьев ани, рекьарухъабазеги гIураб ками кколароанищха. Гьесул хIатIил сас росулъа камизе бокьилищха гIадамазе, гьев лъикIав чи вукIиндал. ЧIанилаха гьев гьадаб ххартIаги кьижун, сабруги гьабун.

Бугилаха цо сордоялъ Янкада рагIулеб цо бакIал хIатIазул сас. ГIене кканила. Бугилаха цо жанавар бачIинеб цигун цадахъ, бакIал тургьбиги раччун, кIуди-кIудиял гьагьалгун.

Гьезухъ букIанила чакар, цIулакьо, конфетал. Гьеб жанаварги Циги росулъа-росулъеги ун, лъималазе кодоб бугебщинаб жо бикьулел рукIунила. ВахI, вахI, вахIан гьезухъги балагьун, гIажаиблъун вукIанила Янка. Гьорхьо-гьоркьоб гьез цо-цо кечIги ахIулеб букIанила, цо зурма гIадаб жоги пулеб букIанила. Гьеле гьедин, бетIербахъи гьабулеб букIанила цицаги гьелъул гьалмагъалъги. АскIобе щварабго салам кьунила Цица Янкае, гьаранила цо сордо базе жанире риччаян. Нужее бокьани рештIаха дир минаялъур, дицани гьениб сордо баларо, щайтIаналъ хIалхьи толеб гьечIилан, гьединлъидал лъималги живги гьороб ххартIа рукIунилан абунила Янкаца. Биццанила, пирогазда кIусун батулин, квешал гьаркьал гьарун, лъимал хIинкъизарулин, бакIбакIалда цIаял ракулин.

– Гье-гье, киналго гурелъул хIинкъучал рукIунел, – ин абунила Жанаваралъ. – Циги Жанаварги хIинкъизаризе щайтIаналда кIвеларо. Гьединаб жо букIине рес гьечIо.

– ГьечIеб батани, рештIаха. Белъун лъураб борщ буго, гьебги кванай. Доба цо хъабиниб белъараб талганги буго. Гьебги кванай. Дицани гьенибе хIетIе чIеларо. Дун хIинкъула.

Сордо бачIанила. ЩайтIанги бакканила. Байбихьанила рогIринисан квеша-квешал гьаркьал гьаризе, гьениса къватIибе лахI хъвазе. ГIурусаз абухъе, жанибе лъугьарабго, пирогалда кьабизе гьалги лъугьанила. Пирог кванараб гIечIого, талганги кванaзе лъугьанила. Мех-мехалъ абулеб букIанила:

– Бугеб цIакъаб! Дие гьаб талган бокьулеб куц! –ан. Талганалдаса бахъараб хъал гьелъ гIодобе балеб букIанила. – Биччанте радал рукъалъул бетIергьанас бакIаризе. Гьев хIалтIи гьечIогойищ тезе кколев? – Кванараб талганалъул хъал хьуризабунила щайтIаналъ. Гьеб кьижун букIараб Цидул магIарзулкъалазда щванила. БорчIанила гьеб макьидаса. Бугилаха цо лъикIаб махI. Лъунила кIалдиб. Бугихала цо тIагIам тутуяб нигIмат. СунтIулаго махIгун, тIадеги бахъун, Цица, щайтIаналъ гIодобе бараб хъал кванaзе байбихьанила. Кваналаго гьелъул цо санагIат гьечIеб чIванкIи бахъулеб букIанила. Ццим бахъанила щайтIаналъул, сунсуниялда, чIанкIолаго кваналеб бугеб жоялда. Гьелда кканила гьеб кету бугилан.

– Абсик! Абсик! МалгIун! Мунищ дир рахIат хвезабулеб жо? – янги абун, банилаха нахъе-цебеги биччан цо мал.

Бахъанила Цидул ццим. Гьеб кету гурелъулилаха, кьабурабго лъутун ине. Бахъун тIадегун, жиндирго квачIаз ккунила гьелъ щайтIан. Цин бугеб рухIалъ данде къанила, тенкезабунила, хъарс-хъарсун банила, цинги буханила, хвелеб хIалалъ. ХIалица кIванила щайтIаналда цидул квачIакьа борчIизе. КIанцIанила печалда жанибе, гьенисан лахIул цIураб рогIринисан тIохтIе ххаранила. ТIохтIасаги цоги тIохтIеги кIанцIун, цIа рекIун бухIулеб бугеб жо гIадин, цебеса-цебе лъутун анила. Циги кьижун ккранила.

Радал гьорор регун рукIарал Янкаги лъималги рокъоре жанире лъугьанила. ГIажаиблъанила багIарараб печалдеги бахун Цица талган кванан батараб мехалъ. Роххизеги рохханила, кинабго кванан лъугIизабичIого, рукъалъул бетIергьабазеги тун батидал.

ХутIараб талган киназго цадахъ квананила. Кванан бахъараб мехалъ ци лъималазе кьурданила, лъикIаб накъит гьабунила. Цинги жиндирго тургьбиги ракIарун, гьалмагъгун цадахъ цо росулъа цоги росулъе цо колотIаса цоги колотIе анила. Балеб цIадакьги анила, щвараб бакъукьги анила. Гьеб букIанила гьелъул хIалтIи, гьабулаго гIадамазе, лъималазе лъикIлъигун балагьулеб букIанила гьелъ жиндиего квен.

Амма доб къоялдаса нахъе тIокIаб щайтIаналъ рахIат хвезабичIила гьезул. Цо-цо мехалъ печалъул рогIринисан цIар лъезе лъалареб хъуй бахъунаанила, чирахъ свинабураб мехалъ печалда цебе цо кунчIиги букIунаанила.

Янкаца жалго рукъ тун ине гьабураб хIукмуялдаса инкар гьабунила. Амма лъугьа-бахъин гьелда лъугIичIила.

Янкаца жиндирго хуриб хаслихъеролъ бекьулеб букIанила. Цо заманалдасан хурда тIад букIараб накIкIикьан гIодобеги рештIун, бачIине бугилаха цо гIаламатаб рухIчIаголъи. ЛъикIго валагьанила. Бугилаха доб щайтIан. ЦIалтун биччизеги биччун, хIарщул цIун



хIатIалгун, чваххулаго хунчIрулгун. МегIер бацIцIине квербацI гьечIоанила гьелъухъ, гьеб цо-цо мехалъ духъги букIунарелъул. Гьеб цIакъ сурукъаб, рекъечIеб жо букIуна, цIалтун риччун чваххулел ругел къалал рацIине кодоб хIажатаб жо гьечIеб мехалъ.

РакI гурхIилеб хIал букIанила щайтIаналъул. РакI гурхIулев чи Янкаги гьелъухъ балагьун хутIанила.

– Мун кибе?

– Кибениги гуро. Берал рагьараб мехалъ цебе ккараб бакIалде ани гурони, ине бакIго гьечIо дир.

КIиялго руцIцIун чIанила. Цинги цодагьаб мехалдасан щайтIаналъ гьикъанила:

– Доб кету бугищ жеги дур рокъоб?

Янка цо гIемер гIакъилав, пикру кибего щолев чи вукIинчIила. Кинаб катил щайтIаналъ цIехолеб бугебали циндаго ракIалде бачIинчIила.

– Кибеха рокъоса кету инеб? Анлъго тIинчIги гьабуна, – ян жаваб кьунила Янкаца.

– Киналго эбелалда релълъаралищха ругел? – ан ургъелчIван чIехолданила щайтIан.

– Релълъарал руго, мухъаххарал хIуччалги ругел, ункъо квачIги, рачIчIги бугел...

– КвачIал, квачIал! Огь квачIал, – ан угьун биччанила щайтIаналъ. Дида гьел квачIал кидаго кIочон теларо. ТIаде анлъгоги гьединалго квачIазул кутул. ЦIунаги... Гьедин батани, дун тIокIаб духъе бачIинаро. КъваригIелни букIана дир. Дица дур печалда цебе дирго месед бахчун тун букIана. ТIубан хъазан цIураб меседха. Пайда щибха... гьадаб кету бугеб бакIалде дун бачIинаро. ГIадада хвезе биччанте! Гьеб бухъун, дуего нахъе босе... Дун кидаго бачIинаро.

– Квачараб мехалъгIаги бачIа, – ян абуна Янкаца, – дица дуе талганги белъина.

– ТалганалъуI цIарго бахъуге. Дида гьебги рихана. Кетуги цIунаги тIокIалъ бихьизе. – Гьединги абун, хIарщул цIурал хIатIалги хIалица хадур рехъерхъун анила щайтIан.

Хур бекьун бахъарабго Янка рокъове анила. Рокъове щварабго, доб печалда цебе кунчIулеб букIараб бакI бухъанила. Бахъанила къватIибе хъазан. Бугилаха кьабгIун меседил гъурщазул цIун. Меседил кунчIиялъухъе цинтIаго гвангъун анила рукъ. КунчIи гуребги, гьелъ рукъ багIаризеги гьабунила. Хинлъиялъ кутакалъ киназго тIаса хинаб ретIел бахъизе кканила.





Гьелдаса хадуб, цІакъго квачалъ хІал гьабураб мехалъ бачІунаанила щайтІан. Гьарулаанила кету гьоробе реххеян. Янкаца щайтІаналъе капуста буссараб чурпа гьабулаанила. Гьеб чурпаялде щи-ян абулаанила гьез. ЩайтІаналъ Янкал лъимал кьижизе кини кІибикІулаанила.

Доб меседил кумекалдалъун, Янка жиндиегоги лъималазеги рукъзал раиила, боцІуе бокьал ранила. Ахал гьарунила, тІадеги хурзал росанила, гьобогицин банила.

Щибаб рокъоб гортІа гІодоб букІун, щивасул кетуги букІунила, щибаб катил анлъ-анлъ тІинчІги букІунила.

Гьелдаса нахъе Янкаца гІумру гьабулеб букІараб росулъ аби батанила, талихІ бугесул лъимал щайтІаналъ киниги кІибикІун кьижизарилилан.

Дуца, киданиги, талихІаб гІумруялда вукІине бокьани, зоопаркалде араб мехалъ Ци балъаргъунге. Катида ганчІал речІчІуге, ракьул гІерекъгицин речІчІуге.

Гьезин доб цебе рикІкІада хутІараб заманаялъ гІадамазе кумек гьабулеб букІараб. Гьел гурелги цогидал хІайваналги ралъаргъунге, къварид гьаруге. Гьеб мехалъ талихІав вукІуна гІадам. Гьаб берцинаб ракьалда цодагьаб Бакъалде аскІобегІан, МоцІродаса дагьаб добегІан квешал жал гьаричІони, гІадамал талихІал рукІине руго. ГІадамал рукІина эркенго хІалтІулел, кутул рукІина мимидулел, Циги букІина лъималазе гьуигьуинал жалги росун бачІунеб.

Тиру, трру, тиру, трру. Гьедин лъикІ хутІаги.

*Авар мацІалде буссинабуна*
***Залму Батироваль***

# ХӀИКМАЛЪАБАЗУЛ БОКӀОН

## «ЦӀУЛАЛ» ТОННЕЛЬ

Сан-Франциско шагьаралдаса 320 километралъ рикIкIад бугеб Йосемиталъул паркалда буго дунялалда бищунго чIахIиял гъутIбилъун рикIкIунел секвоя тайпаялъул цо залимаб гъветI. ГIадамал гIажаиблъизе гьеб гъотIол рохтиги гIанлъулъун, тоннель гьабун буго шагьранухда. Гьеб тоннелалъул халалъи буго 8,7 метр, гIеблъи – 2,5 метр, борхалъи – 3 метр. Бокьараб машина щибго квалквал гьечIого уна гьеб «цIулал» тоннелалъусан.

## ЦӀАКЪГО КӀУДИЯБ ХЪАРПУЗ



ЦIакъго чIахIиял хъарпузал рижула Югалъул Африкаялъул авлахъазда. Гьеб бижараб гIемерисеб хъарпузалъул бакIлъи букIуна 20 килограмм. Амма цо харибакIалдаса хер бецулаго гьениб батун буго 70 килограммалдасаги цIикIкIараб цIайи бугеб цIакъго кIудияб хъарпуз.

## БИЩУНГО «ХЕРАБ» ГЪВЕТӀ

Бищунго «хераб» гъветI буго Шри Ланкалда ругел чIинкIиллъабазул цояб – Алунадханур абулеб бакIалда. Гьеб буго баньян абулеб тайпаялъул фикусалъул гъветI. Индиялдаса бачIун гьеб гъветI чIун буго гьанжеялдаса 2204 соналъ цебе.

## ЧУЯЗДА ЧӀВАЛЕЛ ТӀУКЪБУЗУЛ МУЗЕЙ

Чехословакиялъул Брно шагьаралда буго «Чуязда чIвалел тIукъбузул музей». Европаялдасаги, бакъбаккул рахъалдасаги, Африкаялдасаги, Америкаялдасаги – дунялалъул батIи-батIиял бакIаздаса бачIараб кIиазаргоялдасаги тIаде араб къадаралъул тIикъва буго гьениб. Гьединго гьеб музеялда лъун руго чуязда тIукъби чIвазе дунялалъулго къубдуз хIалтIизарулел рукIарал куртIби, гъуцIдул, гIемерал батIи-батIиял магIал.

Рукъалда баракат лъезеян чол тIикъва чIвала гьелъул рагьумахIиялда. Баракатги талихIги кигIан кIудиябдай букIина гьеб музеялъул рокъоб!

# ГӀабасиласул Савдат, сариназулъ ахӀарай

Нужеца цӀаланищ Савдат-эбел абурай хӀурулгӀиналъул хӀакъалъулъ хъварал кучӀдул. ГъелдекечӀхъвачӀевшагӀиргицинватиларо. Нижер кӀудияй яц ГӀабидатицагицин хъван букӀана гъелде кечӀ:

ГӀабасиласул Савдат, сариназулъ ахӀарай, – иланги абун.

Хириял лъимал! Савдат ккола Дагъистаналъул халкъияв шагӀир ГӀабасил МахӀамадил лъади. Нижер хъизан чанго нухалда щвана ЛъагӀилухъе, ГӀабасиласухъе гьоболлъухъ. ГьитӀинал нижги рачунаан цадахъ. Амма гьанже цодагьлги кӀудиял гӀедал бичӀчӀана нижеда Савдатиде щай шагӀирзабаз кучӀдул хъвалелали. Цо хассаб тӀехь буго гьелъие сайгъат гьарурал кучӀдул ругел. Цинги нижееги бокьана цоги нухалда Савдат-эбел йихьизе.

Гьаб нухалда нижги рачана бабацаги дадацаги цадахъ.

– Вай, бабал тӀанчӀи, – йилан гьеб ба-араб мехалда, цо ниж рохараб куц!

Гьеле гьеб мехалда бичӀчӀана нижеда, жиндирго лъимал гьечӀониги, жидехъе-





го вачӀанщинав лъималлъун рихьарай чӀужугӀадан гӀадамазе щай хиралъараяли. Ниж гӀорцӀулел рукӀинчӀо, гьелъул берцинлъиялъухъ ралагьун. Цо букӀараб гьуинаб каламги гьелъул, киназего Савдат-эбеллъун лъугьарай ва хутӀизе йигей магӀарулалъул.

Гьанже бичӀчӀана нижеда, ГӀабасилав гьечӀонигицин, щай гьелъухъе гӀедегӀулелали – гьелъул гъасда киназдаго батулеб буго гӀажаибаб хинлъиялъул гьелегьараб цӀа. Цо гьелъул букӀунеб тӀагӀамаб квенги. Гьаб нухалда нижеца кванана цӀорорсаролъил гӀатӀал пурщаби. Унго-унголъунги гьезул букӀараб гӀажаибаб тӀагӀам. Гьале ниж шагӀирасул музеялда. Гьале доб гьитӀинаб магӀаруллъи – умумузул рукӀа-рахъинги, гӀадаталги, гӀамалалги.

Гьаб хӀикматаб минаялъуб бижанщинаб ва тӀегьанщинаб ЛъикӀлъи.

Савдатица жиндиего бана ТалихӀалъул борхатаб си. Гьеб сиялъул тахида парпалеб буго жакъа ва папардизе

батила даимго мугIрул чIужугIаданалъул Намусалъул байрахъ.

Нижеца рекIехъе цIалана Савдат-эбелалъе гьелде батIи-батIиял гIадамаз гьарурал кучIдул. Гьей йохиялъ гIодизегицин гIодана. ТIехьалда цIаргицин буго гIажаибаб – «Савдат-эбелалъухъ урхъун руго ниж» абураб.

Савдат-эбел ккола ракьалда бугеб ЛъикIлъиялъул берцинаб мисаллъун. Ниж гьоболлъухъ рукIаго, чанго чи кIалъана гьелъухъе. Киназдаго абизе хIереналщинаб рагIабиги ратулел рукIана гьелда. Нижги каранде къан, гIемераб мехалда музеялда гIодойги чIана гьей. Цадахъ сурталги рахъана нижеца. Нижеда ракIалде ккана Савдат-эбелалъе ниж цIакъго рокьун ратилилан. Гьеле гьей гIадал хIикматал гIадамаз берцин гьабун буго ракьалда гIумру. Рокъоре иналде, ниж щвана ГIабасиласул хабадеги. Гьев вукъун вуго жиндирго минаялда цебе бугеб ахикь. Савдат-эбелалда цадахъ гIодизеги гIодана ниж. Гьеле гьединав йиго нижер хIикматай, хIеренай, хIалимай, кIудияб Намусалъул мисаллъун йигей шагIирасул лъади.

Рокъоре тIадруссунелъул, нижецаги хIалбихьана гьелде кечI хъвазе. Цо мухъ цоялъ хъван, цоги мухъ цогиялъ хъван, гьале гьадинан кечI лъугьана нижер:

**ХIикматай Савдат-эбел,**
**Гьуинай Савдат-эбел,**
**ГIаламалъулго баба**
**Йокьана мун нижейги.**

**Убачалъул гьуинлъи**
**Гьимиялъул недегьлъи,**
**Йокьула мун нижее**
**ХIалимай Савдат-эбел.**

**Жеги чанго нухалда**
**Щвела ниж, Савдат-эбел,**
**Рокъоре щвелалдего**
**Урхъун руго духъ цIакъго.**

**Шумайсатгун Аминат –**
**Нижги дур цIиял ясал,**
**Мун – нижер цIияй баба,**
**Йокьула Савдат-эбел.**

*НурмухIамадова Шумайсат*
*ва Аминат,*
*1-2 классалъул цIалдохъаби,*
*ТIануси росу.*




***

**КIикъоялда ункъо гIакъил**
**ЧитIиралда чIун вихьула,**
**ТIоцевесев «А» цIар бугев,**
**Ахирисев «Я» цIар бугев.**



***

Дун гъудуллун гъабунщинав
Гъаб ракьалда гIакъиллъила.
Къойил цо-цо дун рагьани,
Дурги пагьму камиллъила.



***

Дун нужеца кодоб ккведал
Кагътида тIад басандула,
Гьенир лъурал дир лъалкIаца
Лъималазул лъай борцуна.



***

ЦохIо рокъов анлъавго вац,
Иргаялда гьел хIалтIула.
Цинги нужер альбомалда
Анлъкьерилаб нур рештIуна.

***

Пусма гьечIев васасухъа
Босулаго тIехь бихъани,
ТIанчал седон сах гьабизе
Дун гьечIого бегьуларо.




***

Нилълъ макьида, гьеб рорчIиккун,
Нилълъ хIалхьуда, гьеб хIалтIуда.
Школалде мун кидаго
КватIизе гьелъ тезе гьечIо.

***

Азбаралда гьой гIадинан
Гьоболасде хIапдолареб,
ЦIогьаздаса рукъ цIунизе
НуцIикIалтIа буцIцIун чIараб.

***

Сардилъ цебе нух гвангъизе
Бераз хъахIаб канлъи кьолеб,
Лъалхъиналде нахъа бакун
БагIараб бер кунчIун чIолеб.







***

Гьалъул бохдул маххул руго,
Бетон тIураб тIохги буго.
ТIун букIараб кIиго рагIал
Гьалъ цолъизе гьабун буго.

***

Чу гIадинан гьаб кIанцIола,
ЧчугIа гIадин, гьаб лъедола.
Лъарахъ, хьуцIилъ гьаб букIуна,
КIкIурби, хIутIал гьалъ кванала.

***

Берал рикIкIалъарабго
КIал гьакIкIалеб маххул хIинчI,
Ххамги, кагъатги, къехьги
КъотIулеб гозобегIер.

***

Цо-кIиго лахIзаталде
Дунял сверун руссунел,
Сверухълъи бихьаниги
Цоцазда рихьуларел.

***

РикIкIада гьудуласул
Гьаракь рагIизабулеб,
АскIов вугев гIадин гьев,
Мунгун гаргазавулеб.



Соколёнок

ISSN№0203 – 3682

# Лачен

1/2021

январь – февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

**Регистрационный номер**
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
К. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художники номера** М. Муталимов

Формат 60x84 $^{1}/_{8}$.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 2,47 .
Уч. печ. лист 3,26.

Выход в свет 1.03.2021 г.
Тираж 825 экз.
Заказ № 825.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год – 63277,
на полугодие – 73902.

Цена свободная.